

Ranmase li

Nan Itilize Pensèt yo avèk Ti Men yo

Dwèt ak pensèt yo fè travay ki sanble. Toude ede ranmase bagay. Itilize pensèt yo mande anpil kontwòl ak kowòdinasyon men ak je.

Remake: Yo ka jwenn founiti ki soulinye yo nan kit ou a. Founiti ki an *italik* yo ou gendwa genyen yo lakay ou oswa ou kapab itilize yon bagay ki sanble.

Konsèy sou Zouti yo

Pensèt yo se zouti, se pa yon jwèt. Yo kapab fè mal si yo itilize yo pou pense yon moun. Yo pa dwe janm mete yo nan je, zòrèy, oswa nen. Raple timoun yo pou yo pa kouri pandan yo kenbe pensèt yo. Pale sou itilize zouti pou ranmase objè yo, men pa frè oswa sè yo!

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 2 ak 3 Ane yo

- **Ranmase li.** Fè timoun ou an ede ou chire yon moso papye nan ti moso pi piti ki gen gwo diferan. Travay ansanm pou plwaye kèk moso pou fè yo vini balon. Kite kèk moso plat pou difikilte ki pi rèd. Ankouraje timoun ou an itilize pensèt yo pou ranmase chak moso epi lage li nan yon tas an plastik.
- **Soti isit la pou ale isit la.** Mete moso papye ki plwaye epi ki plat ankò. Ajoute kèk lenn (omwen ki gen 12 pous nan longè), kèk chalimo an plastik, ak yon asyèt. Envite timoun ou an ranmase objè yo avèk pensèt yo epi deplase yo pou mete nan asyèt la. Yon fwa li fini, vide tout atè epi rekòmanse.
- **Koneksyon nan koulè.** Travay ansanm pou koupe pou detache ti moso papye. Kolorè chak moso papye pou li gen lyen ak baton tikawòl yo. Lage anpil baton tikawòl pou fè yon gwo pil. Ankouraje timoun ou an pran chak baton tikawòl avèk pensèt yo epi mete li sou papye kolore ki gen lyen ak li.



Prensip Fondamantal yo

Ede timoun ou an itilize pensèt yo. Rapèl yo toujou itil, montre yo fason pou:

- Kenbe dwèt oswa men yo pou sezi toude kote nan zouti a.
- Ouvri ak fèmen dwèt oswa men yo pou ouvri ak fèmen pensèt yo.



Plis!

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 3 ak 5 Ane yo

- **Deplase sib yo.** Ranpli yon *gwo bòl* avèk enpe dlo (oswa eseye ansanm pandan lè nou ap benyen). Fè timoun ou an ajoute kèk chalimo an plastik nan dlo a. Envite li itilize pensèt yo pou ranmase chalimo ki ap flote yo. Pote bòl la yon kote deyò epi jwenn kèk *fèy* to pou fè flote ak atrape. Pou tout aktivite yo, asire ou sipèvize timoun ou an epi vide dlo a lè ou fini.
- **Anpile li.** Mete kèk papye ki plwaye, tas an plastik yo, baton tikawòl yo, ak plis ankò. Envite timoun ou an ranmase chak nan yo avèk pensèt yo epi anpile yo youn sou lòt. Ki wotè yo ka rive avan tou yo a tonbe?
- **Twal aranye.** Mete *ti jwèt* yo oswa moso papye yo nan yon *bòl lejè*. Asire pensèt yo kapab fasilman atenn anba bòl la. Vlope kèk lenn ozalantou bòl la men kite espas pou pensèt yo pase. (Ou gendwa vle mete riban adezif sou lenn lan nan bò kote yo, dekwa pou li pa deplase.) Ankouraje timoun ou an itilize pensèt yo pou rale materyèl yo ant lenn lan san deplase li.



Bagay pou ou di

**“Ou prèske fè li!
Eseye ankò.”**

Kèk bagay pi red pou ranmase avèk pensèt pase lòt. Kòmanse avèk yon bagay lejè ak gwo (tankou yon moso papye ki plwaye), answit eseye yon bagay plat. Ankouraje timoun ou an kontinye pratike. Epi travay pou rezoud pwoblèm lan ansanm.

**“Pa gen pwoblèm.
Pran tan ou.”**

Aprann yon nouw konpetans pran tan. Pa gen pwoblèm pou konsantre epi ale dousman.

“Waw! Mwen kapab wè ke ou ap eseye anpil pou ranmase li.”

Selebre efò a. Lè ou pesiste epi lè ou pratike plizyè fwa se yon pati enpòtan nan aprantisaj.